



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL 16 BA AK  
RESTORAN ANPLIS POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ  
AK KOWONAVIRIS YO**

*217 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la*

*Fòs entèvansyon milti-ajans lan te mennen plis pase 8,600 verifikasyon  
konfòmite pandan semèn pase a, ki obsève 40 lòt vyolasyon nan Vil New York ak  
nan Long Island*

*1161 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak  
akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 16 lòt ba ak restoran nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 217. Pandan semèn pase a, fòs entèvansyon milti-ajans lan — ke Lapolis Eta (State Police) a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a ap dirije a — te reyalize 8,634 verifikasyon konfòmite, anrejistre vyolasyon nan 40 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezulta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

Anplis de sa, SLA kontinye efò li yo pou fè aplike lalwa nan tout rès eta a, kote konsantrasyon an se nan ak ozalantou zòn inivèsite ak konte ki gen ogmantasyon nan ka COVID-19. Sispansyon nan Konte Albany, Dutchess ak Ontario se yon rezulta dirèk travay detaye sa a. SLA pral kontinye fè patwouy nan zòn sa yo pou pwoteje Nouyòkè yo pandan pandemi COVID-19 la ak asire inivèsite yo kapab kontinye fonksyone.

"Efò nou pou fè aplike lalwa ki entansifye a klèman fè yon diferans - k ap mennen nan plis konfòmite ak mwens vyolasyon, ki se te toujou objektif la. Sepandan, gen kèk pwopriyetè biznis ki toujou kwè mezi sante ak sekirite sa yo pa obligatwa, epi nou p ap ezite mande kont ak sila yo ki mete sante ak sekirite konpatriyòt yo an danje poutèt enpridans yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Avèk sezon grip la ki sou nou an, ouvèti inivèsite ak lekòl yo, ak gwoup kowonaviris ki lokalize nan eta a, nou pa ka pran okenn chans - epi nou dwe kontinye ranfòse règ yo ki te ede nou konbat viris mòtèl sa a."

**Prezidan Otorite Alkòl Eta a, Vincent Bradley, te deklare**, "Fòs entèvansyon an te travay ak diliijans pou sispann ti kantite biznis ki santi yo pi wo passe lalwa pou anpeche yo mete sante ak sekirite piblik la an danje. Gen plis bon grenn nan New York ke move gress, epi nou vle remèsyé sila yo ki te adapte yo ak sitiyasyon difisil sa yo epi ki te travay pou kenbe anplwaye ak kliyan yo an sante".

16 etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, Long Island, Mid-Hudson ak Rejyon Kapital.

Nan Vil New York, sa enkli:

- Bronx - 1
- Brooklyn- 4
- Manhattan - 1
- Queens - 1

Sa ki deyò vil New York yo se:

- Albany - 1
- Dutchess - 2
- Nassau - 2
- Oneida - 1
- Ontario - 1
- Suffolk - 2

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyón Lily Fan ak Manm Komisyón Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyón Konplè a ant 19 ak 27 septanm, kote te fèt atravè yon vidyeo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo. Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

16 ba ak restoran yo ke yo te sispann la nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

**"Los Cabos Cantina & Restaurant" nan 4015 5th Avenue nan Brooklyn, nan dat 19 septanm 2020**

Nan dat 17 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève fenèt pa devan nan etablisman an te kouvri, nan lide pou kache nèt kliyan anndan, ki te chita nan kyòsk ak ba a ap konsoye alkòl nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020. Envestigate yo te obsève tou yon sèvè ak yon manm sèvè yo ki pa te gen kouvèti figi. Yo pa t ap sèvi manje -- yon lòt vyolasyon dekrè egzekitif -- epi kwizin nan te fèmen.

### **"Tale" nan 683 5th Avenue nan Brooklyn, nan dat 19 septanm 2020**

Nan dat 17 septam, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisyè NYPD yo te obsève rido ki pann devan fenèt pa devan an, yon tantativ pou kache onz kliyan nan etablisman an, ki gen ladan twa ki chita ak de ki kanpe nan ba a -- tout nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020.

### **"Patio Italian Kitchen" nan 244 Lake Avenue nan Saint James, nan dat 19 septanm 2020**

Sou baz plent yon gwo rasanbleman ki pa respekte distans sosyal, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te vizite etablisman an nan dat 16 septanm epi te obsève anviwon san moun ki te rasanble dirèkteman deyò etablisman an. Anpil kliyan te kanpe, ap bwè, ak mele, pifò te san kouvèti figi. Apre yo fin fè obsèvason yo, envestigatè yo te pale ak pwopriyetè a ki te admèt ke evènman ki te planifye a te pèdi kontwòl -- sepandan, etablisman an aparamman te kontinye sèvi kliyan yo, olye pou yo te kanpe sèvis yo tanporèman nan lide pou diminye preyokipasyon sante piblik nan moman an.

### **"Johnnie's on Broadway" nan 1278 Broadway nan Albany, nan dat 19 septanm 2020**

Nan dat 18 septanm, envestigatè SLA yo te obsève anviwon kenz kliyan ki te kanpe devan antre prensipal etablisman an, ki t ap bwè ak mele san kouvèti figi. Envestigatè yo te ansuit antre nan etablisman an epi te jwenn anviwon disèt kliyan san kouvèti figi ki te kanpe, ap bwè ak mache ozalantou ba a, san respekte distans sosyal.

Envestigatè enfiltre a te tann yon bon kenz minit nan ba ranpli a anvan li te rive kòmande yon bwason, ke yo te sèvi san manje, epi te remake pa te gen okenn kliyan ki te kòmande manje. Anplis de sa, envestigatè yo te jwenn anviwon trant kliyan anplis ki te kanpe, rasanble, ak ap konsome bwason san okenn kouvèti figi oswa distans sosyal pa dèyè etablisman an, ki gen ladan uit kliyan ki t ap danse. Envestigatè SLA yo te avèti pwopriyetè ba a anvan sa nan dat 22 jiyè apre plent pou vyolasyon distans sosyal epi te enfòme li ke SLA ap gen pou fè enspeksyon swivi.

### **"Craft 302 Restaurant" nan 302 Main Street nan Poughkeepsie, nan dat 19 septanm 2020**

Nan dat 18 septanm, envestigatè SLA yo ak ofisyè Depatman Lapolis Vil Poughkeepsie a te obsève uit anplwaye anndan etablisman an san kouvèti figi, ki gen ladan yon ofisyè sekirite ak animatris nan antre a, twa sèvè, yon kwizinye ak de ofisyè sekirite anplis anndan. Envestigatè yo te obsève sèt kliyan ki te kanpe nan ba a san kouvèti figi, anplis de anviwon ven kliyan ki t ap bwè nan kyòsk yo nan etablisman an san manje. Pandan pwopriyetè a te di tout kliyan yo te kòmande manje, li te sèlman kapab bay de resi ki gen atik manje ladan.

### **"Starz Princess" nan 107-11 101st Avenue nan Queens, nan dat 19 septanm 2020**

Nan dat 18 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisyè NYPD yo te obsève anviwon dis moun san kouvèti figi ki t ap flannen dirèkteman devan etablisman an, ki gen ladan plizyè ki te gen bwason nan gode ki ouvri. Anndan an,

envestigatè yo te jwenn omwen vennsenk kliyan san kouvèti figi ki te inyore distans sosyal. Pwopriyetè a te admèt li te rezève yon evènman pa anndan pou sansenkant envite, nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020.

#### **"Brooklyn Jazz & Sports Club" nan 3523 Church Avenue nan Brooklyn, nan dat 21 septanm 2020**

Nan dat 19 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisyé NYPD yo te obsève gwo son ki t ap sòti nan etablisman an, ki te ankouraje sis kliyan san kouvèti figi pou rasanble ak bwè devan etablisman an, ki te inyore direktiv sou distans sosyal yo. Malgre plizyè kliyan ki te kite nan yon pòt pa dèyè pandan ekip enspeksyon an te antre nan etablisman an, yo te toujou jwenn yon DJ k ap jwe mizik epi omwen ven kliyan ak senk anplwaye te toujou anndan -- nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020 ki mete restriksyon sou manje pa anndan. Anplis de sa, pa gen manje ki te sèvi, kote envestigatè yo te remake kwizin lan te fèmen

#### **"The Hills Restaurant and Lounge" nan 4706 Church Avenue nan Brooklyn, nan dat 21 septanm 2020**

Nan dat 19 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisyé NYPD yo te obsève sis kliyan ki te kanpe epi ap bwè dirèkteman devan etablisman an, ki te inyore distans sosyal. Nan lakou pa dèyè etablisman an, envestigatè yo te obsève sansis kliyan ki te rasanble anba de tant, youn ladan yo te fèmen sou twa bò, sa ki te vyole direktiv Depatman Sante a. Plizyè regwoupman kliyan ki te chita an gwoup ki gen plis pase dis moun, anpil kliyan te kanpe san kouvèti figi, epi okenn ofisyé sekirite ni pwopriyetè a pa te mete kouvèti figi. Anplis de sa, Depatman Bilding NYC a te gen yon òdonans evakyasyon aktif pou etablisman an, ki entèdi itilizasyon lakou pa dèyè a.

#### **"Bice Cucina" nan 1350 Avenue of the Americas nan Manhattan, nan dat 23 septanm 2020**

Nan dat 22 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève kliyan yo anndan restoran an k ap konsome alkòl, ki gen ladan onz kliyan nan twa tab apa ak sis lòt kliyan yo te obsève k ap bwè nan ba a, tout nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020.

#### **"Rylie J's on Seneca" nan 38 Seneca Street nan Geneva, nan dat 23 septanm 2020**

Nan kad efò SLA yo pou fè aplike lalwa nan ba nan zòn inivèsite yo, envestigatè SLA yo te antre nan etablisman yo nan dat 17 septanm pou fè yon envestigasyon ki pa te divilge, kote yo te obsève sis kliyan ki nan laj pou inivèsite ki te kanpe bò yon tab san kouvèti figi, ki t ap konsome alkòl san manje, ak yon lòt gwoup sèt kliyan san kouvèti figi nan yon tab toupre a ki te kanpe epi ap konsome alkòl. Envestigatè yo te temwen de kliyan san kouvèti figi ki t ap fè kòmann dirèkteman nan ba a, ki te antre nan mouvman an, fè kòmann epi yo te sèvi yo alkòl depi nan ba a san manje. Nan moman envestigatè yo te kite ba a trant minit annapre, ba a te gen anviwon karannsenk kliyan ki te mele epi ki te inyore distans sosyal, pifò pa te gen kouvèti figi.

### **"Prohibition" nan 109 Front Street nan Massapequa Park, nan dat 24 septanm 2020**

Nan dat 23 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève yon gwo foul anviwon trant kliyan ki te kanpe, ap bwè ak ransanble deyò etablisman an. Anndan an, envestigatè yo te obsève anviwon karanntwa kliyan, ki gen ladan twa moun ki te kanpe ak ap tande yon gwoup an dirèk san kouvèti figi. Pwopriyetè restoran an te di envestigatè yo li pa kapab kontwole foul ki rasanble deyò etablisman ki gen lisans li an, men aparamman te chwazi pa sispann tanporèman sèvis pou diminye preyokipasyon sante piblik la.

### **"Quartchetti's Roadside Café" nan 387 Route 9 nan Fishkill, nan dat 26 septanm 2020**

Nan dat 25 septanm, envestigatè SLA yo te jwenn yon gwoup k ap jwe anba yon tant avèk anviwon kenz kliyan preznan, ki gen ladan omwen trant ki te kanpe ak mele san kouvèti figi epi dis ki t ap danse. Envestigatè yo te obsève yon sèvè anndan etablisman an san kouvèti figi, anplis de twa sèvè nan yon ba deyò ki pa te mete kouvèti figi non plis. Lisans alkòl Quartchetti's Roadside Café te apèn sòti nan dat 27 out 2020.

### **"Twin Ponds Golf & Country Club" nan 169 Main Street in New York Mills, nan dat 26 septanm 2020**

Nan dat 15 septanm, envestigatè SLA yo te resevwa rapò nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Konte Oneida a ke moun ki gen lisans lan te admèt li te resevwa yon maryaj nan dat 29 out ki te gen plis pase san kliyan ki te preznan -- de fwa limit legal ki otorize pandan pandemi COVID-19 la ak plis pase senkant pouzan kapasite etablisman an. DOH Konte Oneida a te rapòte yo pa te egzije kliyan yo pou mete kouvèti figi, chèz yo te gen mwens pase de pye distans, epi pa te gen dezenfektan pou men ki te disponib. Sa ki pi enkyetan, moun ki gen lisans lan te rapòte li pa te fèmen, netwaye ak dezenfekte zòn ke yon moun yo te vin konfime annapre ki te teste pozitif pou COVID-19 te rete.

### **"Giorgio's Catering" nan 100 Fox Hill Drive nan Calverton, nan dat 26 septanm 2020**

Nan dat 25 septanm, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève katrevenkenz kliyan nan yon resepsyon maryaj nan etablisman an -- apeprè de fwa limit legal la. Yo te obsève mwatye nan kliyan yo ki te kanpe ak mele anndan etablisman an, pandan ke lòt mwatye a te deyò sou yon teras, kanpe, ap sosyalize, bwè -- pifò san kouvèti figi.

### **"Vintage Sports Bar" nan 3037-3039 Merrick Road nan Wantagh, nan dat 26 septanm 2020**

Nan dat 26 septanm, Depatman Lapolis Konte Nassau te enspekte etablisman an, te jwenn katrevendizuit kliyan anndan etablisman an, malgre kapasite a se pou karant moun dapre règleman ki gen rapò ak COVID yo. Ofisyè yo rapòte etablisman an te gen twòp moun nan nivo kote distans sosyal pa te yon bagay ki posib, te gen anpil kliyan k ap danse, kanpe ak mele san kouvèti figi. Lokal la se yon residivis, ki gen akizasyon anvan sa ki annatant pou vyolasyon Dekrè Egzekitif la nan dat 11, 18 ak 26 jiè.

**"La Fuente Steak House" nan 1306 Jerome Avenue nan Bronx, nan dat 27 septanm 2020**

Nan dat 26 out, envestigatè fòs entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisyé NYPD yo te obsève plis pase trant kliyan ki te kanpe ak rasanble, ap bwè ak fimen nagile nan zòn kafe sou twotwa biznis la ak nan lari a ak sou twotwa a ki rive devan yon biznis vwazen. Plis pase dis kliyan te chita anba yon zòn ki gen tant, ki te fèmen sou twa bò yo, sa ki te rann li yon zòn pou chita pa anndan ki entèdi. Yo te obsève plizyè anplwaye san kouvèti figi, ki gen ladan manm pèsonèl kwizin lan ak yon sèvè. Biznis lan se yon residivis, ki gen akizasyon annatant ki te depoze apèn yon jou anvan sa pou vyolasyon ki gen ladan manje yo pa sèvi ak anplwaye ki pa gen kouvèti figi, anplis ke y ap jere yon etablisman nagile san otorizasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)